




Department of  
Housing Preservation  
& Development

# PRENSIP DEBAZ (ABC) YO POU LOJMAN

## GID POU LOKATÈ

[www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd)



Janvye  
**2024**

**Foto ki sou kouvèti Prensip Debaz (ABC) yo pou Lojman pou ane sa a se gayan Konpetisyon Foto Anplwaye 2023 Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) an. Toujou avèk yon atansyon pou konpatriyòt New York yo, nou remèsyé gayan nou yo ak tout pèsonèl HPD a pou devouman yo ak travay di yo nan non bél vil nou an.**



### **Manhattan**

Cosimo Anselmo  
*Divizyon pou  
Resous Lokatè*



### **Staten Island**

Salvatore Demarco  
*Divizyon  
Aplikasyon Kòd la*



### **Brooklyn**

George Kambo  
*Divizyon pou  
Aplikasyon Espesyal*

# Tab Matyè

Dwa ak Responsabilite Lokatè yo .....	4
Rete nan Apatman w San Danje .....	4
I. Kondisyon .....	4
Sekirite pou Ensandi.....	5
A. Pòt Ki Fèmen Otomatik yo.....	5
B. Fuit Gaz .....	5
C. Detektè Monoksid Kabòn ak Lafimen .....	6
D. Kouvèti Bouton Fou yo.....	6
E. Seri nan Pòt oswa Fenèt yo .....	6
Kay ki San Danje .....	8
A. Danje ki Lye ak Penti Abaz Plon.....	8
B. Chofaj ak Dlo Cho ki pa Adekwa.....	9
C. Mwazisi.....	9
D. Bèt Nwizib .....	10
E. Pwoteksyon pou Fenèt .....	10
II. Plent, Vyolasyon ak Aplikasyon .....	12
A. Pwosesis Plent HPD .....	12
B. Kijan Vyolasyon HPD yo Fonksyone .....	12
C. Pwogram Aplikasyon Ranfòse .....	13
III. Asèlman .....	14
IV. Tribunal Lojman .....	15
V. Lòt Resous pou Lokatè .....	16
A. Apatman ki gen Lwaye Règlemanterie .....	16
B. Prevansyon kont Degèpisman .....	17
C. Sètifikasi Okipasyon ak Peman Lwaye .....	17
D. Aktivite Ilegal .....	17
E. Diskriminasyon .....	18
F. Asosyasyon Lokatè .....	19
G. Bèt Domestik .....	19
H. Lwa sou Konfidansyalite Done Lokatè yo .....	19
Resous pou Moun kap Chèche Lojman Abòdab .....	20
A. Kijan pou Aplike pou Lojman Abòdab .....	20
B. Egzanpsyon kont Ogmantasyon Lwaye.....	21
C. Enfòmasyon Kontak Itil pou Lòt Pwoblèm ki Gen Rapò ak Lojman .....	22
D. Sant Sèvis Kliyan HPD .....	22

# Dwa ak Responsabilite Lokatè yo

Lokatè yo ta dwe atann aske yo viv nan yon biling ki san danje, ki gen bon antretyen, ki pa gen okenn asèlman, kit se nan men pwopriyetè a ak anplwaye l yo.

## Bilding nan:

- Pa dwe genyen okenn bète nwizib, fuit, mwazisi ak okenn lòt kondisyon danjere ki ka prezante.
- Dwe genyen sèvis debaz tankou chofaj, dlo cho, dlo frèt ak elektrisite.

Lokatè ki rete nan apatman ki gen lwave yo règlemante yo gen dwa anplis ki gen rapò ak sityasyon sa a. Lokatè yo ka chèche konnen si yo anrejistre yon apatman ak/oswa yon biling antanke "lwave yo règlemante", lè yo rele Renouvelman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York nan 718-739-6400 oswa voye yon imèl bay [rentinfo@nycshr.org](mailto:rentinfo@nycshr.org).

Lokatè yo gen responsabilite tou vizavi pwopriyetè biling e vizavi lòt lokatè yo.

- Lokatè yo pa gen dwa domaje biling nan, kit se entansyonèlman, kit se pa neglijans.
- Lokatè yo responsab pou aksyon envite yo.
- Lokatè yo gen obligasyon pou yo reponn demann anyèl pwopriyetè a konsènan pwoteksyon pou fenèt yo ak penti abaz plon.
- Lokatè yo gen obligasyon pou antretni detektè monoksid kabòn ak lafimen yo.
- Lokatè yo gen obligasyon pou obeyi tèm legal kontra lokasyon an, peye lwave a alè, respekte dwa lòt lokatè ak bay aksè pou reparasyon fèt.
- Lokatè yo dwe pèmèt pwoprietè a, ajan l oswa anplwaye l (yo) pou yo antre nan apatman lokatè a oswa antre nan lòt espas ki sou kontwòl lokatè a pou yo enspekte, fè reparasyon oswa fè amelyorasyon konfòrmeman ak Kòd Antretyen Lojman an (Housing Maintenance Code, HMC) oswa konfòrmeman ak lòt lwa. Sepandan, pwopriyetè a gen obligasyon pou l voye yon lèt davans pou l avize lokatè a ki jou ak ki lè li ta renmen antre nan apatman an. Randevou a dwe fèt ant 9am ak 5pm, lendi jiska vandredi, amwenske gen lòt antant ki fèt ak lokatè a oswa amwenske gen yon pwoblèm ki mande pou rezoud imedyatman. Lè gen nesesite pou fè reparasyon ijan pou pwopriyete a pa domaje oswa pou moun pa blese, tankou fuit gaz, fuit dlo, tiyo ki bouche oswa ki andomaje, oswa plafon kap koule, oswa plafon ki kraze e ki danjere, alèkile pwopriyetè a, ajan an, kontraktè a oswa travayè a pa oblige avize lokatè a davans. Nenpòt kontraktè oswa ajan pwopriyetè a gen obligasyon pou l montre lokatè a ke pwopriyetè a bay yo otorizason pou antre pou fè travay ki gen pou fèt la.

## Rete nan Apatman w San Danje

### I. Kondisyon

Si kondisyon fizik ki egziste nan yon biling pa sekirize oswa yo pa byen repare l, lokatè nan biling prive yo fèt pou suiv etap suivan yo:



1. Avize pwopriyetè oswa manadjè biling nan aloral, atravè mesaj tèks oswa nan imèl.
2. Voye avi sou papye atravè kourye rekòmande, avèk yon resi yo mande pou retounen, oswa pa imèl. Li enpòtan pou kenbe dokiman sa yo pou sizoka pwopriyetè a pa fè anyen pou l adresé pwoblèm sa a (yo).
3. Depoze yon plent nan biwo vil la. Pou rapòte move kondisyon, ikonpri kondisyon nou site nan dokiman sa a, rele 311 oswa itilize 311ONLINE oswa 311Mobile. 311 pral voye plent ou depoze a bay ajans konpetan an.
4. Si w se yon lokatè ki nan lwave estabilize oswa nan lwave kontwole, depoze yon plent ak HCR nan 1-866-275-3427.

## Sekirite pou Ensandi

Ensandi se youn nan evènman ki pi destriktif ki ka afekte lavi w. Pwoteje tèt ou ak fanmi w kont danje ensandi lè ou rapòte yon plent si youn nan konsidson ki make sou lis anba a egziste nan apatman w oswa nan biling ou. Gade avèk anpil atansyon seksyon **KONSEY** la pou ka wè lòt enfòmasyon enpòtan sou sekirite pou ensandi.

### A. Pòt ki Fèmen Otomatik yo

Yon pòt ki fèmen otomatik se yon pòt ki, lè w louvri l epi w lage l, li retounen nan pozisyon li te ye lè l te fèmen epi li take tèt li lè l fèmen. Tout pòt apatman ak tout pòt ki nan ak ki bò antre ki mennen nan yon sal publik ta dwe fèmen poukонт yo. Lokatè yo pa dwe sabote pòt ki fèmen poukонт yo nan bloke oswa nan pouse pòt pou yo louvri ak kèk objè, nan tape takèt la, nan itilize moso bwa oswa blokaj ou pouse anba pòt oswa nan kontounen sistèm fèmti a.

**Pòt ki fèmen otomatik yo ka anpeche dife ak lafimen pwopaje soti nan yon apatman pou l afekte tout biling nan.** Yo pa dwe janm bloke pòt ki fèmen poukонт yo.

Si HPD bay yon tikè vyolasyon poutèt pòt ou oswa yon pòt nan biling ou ki pa fèmen poukонт li, pwoprietè a gen 14 jou pou l repare l epi lokatè a dwe pèmèt pwoprietè a antre pou l fè l. Nan lespas 20 jou apre dat pwoprietè a te gen obligasyon pou l korije vyolasyon an, HPD pral vin re-enspekte pou wè si pòt la ranje. Si pwoprietè a pa fè okenn reparasyon, HDP pral eseye ranje pòt la atravè Pwogram Reparasyon Dijans li (Emergency Repair Program) pou l pwoteje fanmi w ak lòt fanmi ki nan biling nan.

### B. Fuit Gaz

Fuit gaz ka pwovoke ensandi ak eksplozyon. Li enpòtan pou ni oumenm ni fanmi w konnen kijan pou n rekònèt yon fuit gaz e kisa pou n fè si nou sispek gen yon fuit gaz. Men kijan pou rekònèt yon fuit gaz:

 sant	 sa w wè	 tande
Yon odè byen distenk, ki fò anpil e ki gen sant ze pouri	Yon nyaj blan, brim, bwouya nan dlo estanyan	Gwondman, sifleman oswa chwichwichwi

**Men sa pou fè si w sispek gen yon fuit gaz:**

1. Louvri pòt ak fenèt ki toupre yo rapidman epi apre kouri soti nan biling nan imedyatman; piga eseye lokalize fuit la. Piga limen oswa piga etenn okenn aparèy elektrik, piga filmen oswa piga pase alimèt oswa piga limen brikè, e piga itilize yon telefòn kay oswa yon selilè nan biling nan;
2. Lè w rive nan yon distans ki pa gen danje parapò ak biling la, rele 911 imedyatman pou rapòte fuit gaz ou sispek la;
3. Lè w fin rele 911, rele konpayi ki bay sèvis gaz nan biling nan.

Se yon plonbye ki gen lisans ki pou toujou repare pwoblèm gaz yo e plonbye a ka mande pou li antre nan tout apatman nan biling nan pou l asire reparasyon an fèt san danje.

## C. Detektè Monoksid Kabòn ak Lafimen

Yo egzije pou gen detektè monoksid kabòn (CO) ak lafimen nan chak apatman nan yon biling ki gen twa oswa plis inite lojman ak nan kay kote youn oswa de (2) fanmi rete epi se pa pwopriyetè a ki rete ladan yo.

Lokatè yo responsab pou antretni toulede aparèy yo. Si gen yon lokatè ki wete detektè a oswa si l pa ranplase pil la, li gen obligasyon pou l remete l an mach kòmsadwa. Si aparèy la kraze, yo ka mande lokatè yo peye pou ranplase aparèy la.



### Lokatè yo fèt pou:

- Teste tout detektè yo omwen yon fwa pa mwa.
- Ranplase pil ki nan detektè yo omwen de (2) fwa chak ane.
- Koute son alam nan lè pil la fèb epi yo fèt pou ranplase pil la imedyatman.
- Itilize sèlman tip pil yo rekòmande pou detektè a.
- Piga janm pentire detektè yo.

## D. Kouvèti Bouton Fou yo

Mèt pwopriyete yo gen obligasyon pou yo mete kouvèti ki pou kouvrir bouton fou yo oswa mete bouton fou pèmanan ki gen yon sistèm lòk entegre nan fou ki mache a gaz pou lokatè ki gen timoun ki gen mwens ke sisan. Epitou, pwopriyetè yo dwe bay youn nan dispozitif yo nan yon inite kote pa gen timoun ki gen mwens ke laj sis lane si lokatè a mande yo.

## E. Seri nan Pòt oswa Fenèt yo

Seri ki gen doub silend ki nan pòt ak baryè fenèt a kle ki bezwen yon kle pa anndan apatman an pou debloke oswa pou ale nan koulwa oswa pou ale nan pòt sòti pou chape nan ka ensandi, yo danjere, ilegal e fòk yo wete yo. Sizoka ta gen yon ensandi oswa lòt ka dijans, si lokatè a pran tan pou l jwenn oswa itilize kle a, sa ka diminye chans lokatè a pou l chape. Lokatè yo ka pwoteje tèt yo ak baryè fenèt legal, ki yo menm lòk ak yon sistèm ki gen takèt. Lokatè yo ka tcheke etikèt ki gen nimewo seri sou li pou asire ke yo make ke Vil New York te apwouve l.


## PLIS KONSEY: Konsènan Sekirite pou Ensandi

**1. Se Pou Gen Yon Plan pou Evakyasyon** – Yon plan pou evakyasyon nan ka ensandi se bagay enpòtan pou rete an sekirite lè gen ensandi. Se tout moun ki nan fwaye w ki ta dwe ede w fè plan an epi praktike plan an regilyèman. Chèche konnen si w rete nan yon biling ki reziste dife oswa ki pa reziste dife, lè w konn sa, sa pral ede w deside si pou rete nan apatman w lan oswa si pou soti. Mèt pwopriyete yo gen obligasyon pou afiche yon NOTIFIKASYON SEKIRITE POU ENSANDI nan pati ki sou anndan pòt chak apatman ak nan zòn kote tout moun pase, epi yo gen obligasyon pou distribye notifikasyon an bay chak inite lojman, bay nouvo lokatè yo epi chak ane pandan semèn prevansyon ensandi. Ale nan [fdnysmart.org](http://fdnysmart.org) pou jwenn ti konsèy pou konn kijan pou devlope yon plan ki fasil pou sonje sizoka ta gen yon ensandi.



### 2. Dezankonbre Sòti yo

yo – Ede fanmi w evakte lè gen yon ensandi, epi ede premye sekouris yo pou yo antre nan apatman w lan rapidman, e pou fè sa, se pou w retire tout bagay ki ankonbran oswa ke wap estoke yo ki nan pasaj sòti yo, nan sòti pou ka ensandi yo, nan koulwa yo ak nan pòt antre yo ikonpri pòt ki sou twati yo. Si gen obstak ki bloke kote w soti a epi bagay sa yo pa pou ou, fè mèt pwopriyete a konn sa. Si yo pa korije pwoblèm nan, rele 311 pou depoze yon plent.



**3. Kenbe Kizin Ou San Danje** – Piga kite okenn sèvyèt, okenn papye ni okenn akseswa pou kenbe bagay cho bò recho fou a. Kanpe bò kote kaswòl ou lè wap fè manje epi piga janm kite manje kap kuit poukонт yo. Egzije pou pitit ou pa ale bò kote fou a ditou.



**4. Kòd Ekstansyon Elektrik** – Lè wap itilize yon chofaj elektrik pòtab, pigjam itilize yon kòd ekstansyon pou konekte l. Kòd ekstansyon ka chofe si w itilize yo pou gwo aparèy elektrik tankou chofaj pòtab, refrijeratè ak aparèy èkondisyone.

**5. Sekirite Batri Lityòm-lyon** – Ensandi ki mete pye poutèt batri lityòm-lyon ogmante anpil-anpil ak konsekans mòtèl. Batri rechajab sa yo ou jwenn yo nan bisiklèt elektrik ak nan eskoutè, nan machin, nan òdinatè laptòp, tablèt elektwonik, telefòn ak aparèy yo konn itilize nan kay. Ensandi lityòm-lyon deklanche yo lakòz moun mouri, blese grav ak koze domaj grav sou pwopriyete. Pou ka gen plis enfòmasyon, ti konsèy sekirite ak prekosyon pou pran ak batri lityòm-lyon yo, ale nan [Lithium-Ion Battery Safety \(nyc.gov\)](https://www.nyc.gov/departments/lithium-ion-battery-safety).



**6. BAY CHOFAJ PÒTAB YO KONT ESPAS!** Mete chofaj yo a yon distans ki omwen twa pye parapò ak materyèl ki ka pran dife tankou kabann ak mèb. Toujou enspekte kòd elektrik chofaj pòtab yo pou wè si yo pa domaje anvan w itilize yo. Fè chofaj la mache sou sifas plat sèlman. Piga kite chofaj la kote moun pase anpil nan kay la epi pa kite timoun ni bèt domestik nan kay la vin pre chofaj la. Itilize ekipman ki gen mak Underwriters Laboratories (UL) sèlman. Etènn oswa deploge chofaj pòtab la achak fwa wap soti nan yon chamm oswa lè w pral dòmi. Lè wap achte chofaj pòtab, chwazi youn ki gen yon tèmosta ak pwoteksyon pou anpeche l chofe twòp, ikonpri fonksyon otomatik pou l etènn poukонт li si l ta ranvèse.



## Kay ki San Danje

Kay ou fèt pou l sen pou oumenm ak fanmi w, epi w fèt pou konnen kijan mèt pwopriyete w la gen obligasyon devan lalwa pou l kreye ak mentni yon espas ki san danje. Si w wè youn nan danje suivan yo anndan kay ou, epi mèt kay la pa fè okenn reparasyon an tout sekirite, ou ka rele 311 pou depoze yon plent.

### A. Danje ki Lye ak Penti Abaz Plon



Plon se yon metal ki danjere e byensouvan yo konn jwenn li nan ansyen penti ki ka yon pwazon pou jèn timoun e li ka prezante yon danje pou lasante si penti a vin kreye pousyè oswa kal penti. Jèn timoun ka vale pousyè ak kal penti ki abaz plon ki soti arebò fenèt yo oswa ki atè a. Plon lakoz pwoblèm konpòtmantal ak aprantisaj lakay timoun piti yo. Bilding yo konstwi anvan 1960 ka gen penti abaz plon jiskapreza. Se responsabilite mèt bilding sa yo pou pwoteje sekirite lokatè yo kont danje penti abaz plon, kidonk fòk yo idantife epi repara danje penti abaz

plon ki gen nan apatman yo e ki nan zòn kote tout moun pase nan bilding ki gen timoun ki poko gen laj sizan ki rete ladan yo, epi fòk yo itilize travayè ki antrene e ki sètifye kòmsadwa pou fè travay la, e fòk yo itilize metòd travay sekirité. Lokatè yo dwe rapòt bay mèt pwopriyete yo nenpòt penti kap dekale nan apatman yo. Si mèt pwopriyete a pa repara penti kap dekale a oswa si yo fè travay la nan yon fason ki danjere (paregzanp, pwvoke pousyè yo pa kontwole), lokatè yo fèt pou rele 311. Lokatè yo ka rele 311 tou pou konnen kijan pou yo evite anpwazònman plon; konnen ki kote pou yo mennen pitit yo fè tès plon; jwenn enfòmasyon sou gwosès ak plon; oswa reklame bwochi ak dokiman pou konnen kijan pou anpeche anpwazònman plon.

#### Lokatè yo gen obligasyon pou:

- Ranpli epi voye dokiman sou Notifikasyon Anyèl la tounen konsènan penti abaz plon mèt pwopriyete a konn voye chak mwa janvye.
- Voye yon lèt pou avize mèt pwopriyete a/ajan li si gen yon timoun ki poko gen laj sizan ki rete avè w, oswa ki konn pase omwen 10-zèdtan pa semèn avè w.

Dokiman sa yo ede mèt pwopriyete a konnen ke yo bezwen fè yon enspeksyon anyèl epi tcheke pou wè si gen penti kap dekale.

#### Lokatè ki gen timoun fèt pou:

- Lave planche yo, lave arebò fenèt yo, lave men yo, jwèt ak sison timoun, souvan.
- Fè doktè w sonje pou l fè tès anpwazònman plon pou timoun yo lè yo gen ennan ak dezan.

Lè nou retire soulye toupre pòt apatman w lan tou sa ka anpeche plon ak lòt sibstans danjere monte sou yon planche kote pitit ou konn jwe.



## B. Chofaj ak Dlo Cho ki pa Adekwa

Li obligatwa pou lokatè yo gen chofaj ant 1ye oktòb ak 31 me.

- Lè tanperati deyò a pi ba pase 55 degre Farenhayt ant 6am ak 10pm, pwopriyetè bilding yo dwe chofe apatman yo nan yon tanperati 68 degre Farenhayt pou pi piti. **HPD ka bay tikè vyolasyon si sèlman mèt kay la pa bay chofaj ki adekwa lè tanperati deyò a mwenske 55 degre Farenhayt lè yap fè enspeksyon an.**
- Ant 10pm ak 6am, kèlkeswa tanperati deyò a, pwopriyetè bilding yo dwe chofe apatman yo nan yon tanperati 62 degre pou pi piti.
- Epitou, pwopriyetè bilding yo dwe asire ke lokatè yo gen dlo cho 24 sou 24, 365 jou sou 365, nan yon tanperati minimòm konstan 120 degre Farenhayt.



### Kèk bagay pou konnen:

- HPD ka resevwa plizyè plent pou chofaj pou menm bilding nan e nan yon ti peryòd tan. Lè sa rive, enspektè HPD a pap enspekte chak apatman. Ou ka tcheke nimewo plent 311 ou swa nan 311ONLINE oswa nan HPDONLINE oswa w ka rele 311 pou tcheke estati plent ou pou konnen si te gen yon enspektè HPD ki fè yon enspeksyon e si yo te bay yon tikè vyolasyon apre enspeksyon an.
- Se pa paske radyatè yo pa cho toutan ki fè ke chofaj la pa adekwa.
- Lè yon enspektè HPD ap fè yon enspeksyon, li pral tcheke tanperati chofaj la nan kèlkeswa chann ou di ki pi frèt la, sof nan kizin nan ak nan saldeben an, puiske sal sa yo pa oblige gen chofaj. Se pou asire w ke fenèt ou yo byen fèmen, e ke nanpwen okenn lòt aparèy chofaj kap mache pandan enspeksyon an.
- Si tanperati anndan apatman an **mwens ke 64** degre lè HPD ap fè enspeksyon an, alèkile HPD ka fè suivi avè w ansanm ak mèt pwopriyete a pou asire yo remete chofaj ki adekwa. Sa vle di w ka resevwa yon apèl telefonik oswa w ka wè yon teknisyen ki se yon anplwaye HPD nan bilding nan. HPD ka eseye ranje pwoblèm nan si mèt pwopriyete a pa fè l.
- Piga janm itilize fou ki nan kizin nan oswa recho agaz pou chofe kay ou. Move lizaj sa a ka pwovoke nivo monoksid kabòn ki danjere, ki ka fè moun malad grav e ki ka menm touye yo.
- Gade **KONSEY** sou sekirite pou ensandi pou plis enfòmasyon pou konn kijan pou itilize chofaj pòtab san danje.

## C. Mwazisi

Mwazisi ka lakòz reyakson alèjik, iritasyon oswa li ka deklanche opresyon kay kèk moun. Mwazisi bezwen dlo oswa imidite pou l pouse kidonk li enpòtan pou lokatè yo rapòte sa epi pou mèt pwopriyete yo ranje fuit yo san pèdi tan.



Lokatè yo ka pote kole pou anpeche mwazisi sou sifas saldeben oswa kizin yo, lè yo limen vantilitè evakyasyon lè yo oswa louvri fenèt yo ak netwaye sifas yo regilyèman. Mèt pwopriyete a fèt pou l enspekte inite yo chak ane pou wè si gen mwazisi epi pou l reponn nenpòt plent lokatè yo oswa HPD voye dirèkteman ba yo. Nan bilding ki gen plis ke 10 inite lojman kote gen plis ke 10 pye kare mwazisi, se pou yo itilize evalyatè ak travayè espesyal pou fè reparasyon yo. Nan ka ki pa mande pou yo rele travayè espesyalize pou fè travay la, mèt kay la dwe respekte metòd travay ki pwoteje lokatè yo kont mwazisi. Pou ka gen plis enfòmasyon, ou ka jwenn **feyè ransèyman sou Sa Lokatè yo ak Pwopriyetè yo Ta Dwe Konnen Sou Alèjèn Enteryè yo ak Lwa Lokal 55la** nan [www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd), chèche mwazisi (mold).

## D. Bèt nwizib

Ravèt, sourit ak rat ka reprezante danje pou moun ki gen pwoblèm respiratwa, tankou opresyon. Premye etap pou elimine bêt nwizib yo se koupe sous kote yo jwenn dlo ak manje. Yo pi byen lite kont ravèt ak sourit lè yo bouche twou yo ak fant yo, netwaye ekskreman yo epi lè yo itilize pestisid ki san danje. Pwopriyetè biling yo dwe travay ak kontraktè lit kont bêt nwizib yo a pou idantifye enfestasyon bêt nwizib ak fason pou fè bêt nwizib yo rete lwen. Pwopriyetè yo ka ranje fuit yo epi kontwole fatra yo pou pwoteje biling yo kont bêt nwizib.

Pinèz se ensèk ki gen koulè wouj-wouye ki ka vin grosè gress pòm. Pinèz manje san moun, sepandan yo pa pote okenn maladi. Enfestasyon ka pwopaje nan apatman yo lè pinèz yo ranpe nan mitan ti fant oswa ti krevas ki gen sou panno ak sou planche. Deteksyon bonè pinèz yo se kle pou anpeche enfestasyon ki grav. Lè yon moun rele 311 pou l pote plent poutèt pinèz, operatè 311 la ka mande moun nan si lap aksepte pou HPD vini ak yon chyen ki drese pou l santi pinèz kòmkwa pou chyen an patisipe nan enspeksyon an. Si yo pa pèmèt chyen an patisipe nan enspeksyon an, yon enspektè HPD pral fè yon enspeksyon vizyèl. Si Enspektè a ka wè e konfime ak 2 je l prezans pinèz vivan, HPD ap bay tikè vyolasyon.

## E. Pwoteksyon pou Fenèt yo

Chak ane gen jèn timoun ki blese oswa ki mouri poutèt yo sot tonbe nan fenèt ki pat pwoteje. Sa yo se lanmò ak blesi ki ka evite.

Lalwa egzije pwopriyetè yo pou yo voye yon notifikasyon anyèl bay lokatè yo, nan biling ki gen twa oswa plis apatman, sou pwoteksyon pou fenèt oswa sou dispozitif limitasyon ke yo apwouve. Lalwa egzije tou pou pwopriyetè yo founi ak enstale kòrèkteman pwoteksyon pou fenèt ki apwouve oswa dispozitif limitasyon ki apwouve nan tout fenèt ki nan tout apatman kote ki gen timoun ki gen dis (10) lane daj oswa ki pi piti ki rete la, ikonpri nan twalèt ki nan premye etaj yo, nan fenèt ki bay sou balkon oswa teras, epi nan fenèt nan chak espas komen nan tout etaj yo.

Si lokatè oswa moun ki nan apatman yo vle pwoteksyon pou fenèt pou nenpòt ki rezon, menm si pagen timoun ki gen laj dis (10) lane oswa ki pi piti, lokatè a ka voye yon lèt pou l mande yo mete pwoteksyon pou fenèt oswa dispozitif limitasyon ke yo apwouve epi mèt pwopriyete a oblige mete yo. Paregzanp, moun ki rete nan apatman yo ki gen pitit-pitit ki conn vin wè yo, paran ki pataje gad timoun, ak moun ki rete nan apatman ki gade timoun, ka mande pwoteksyon pou fenèt oswa dispozitif limitasyon ke yo apwouve.

Lokatè yo dwe rele 311 si mèt pwopriyete a pa enstale pwoteksyon pou fenèt oswa dispozitif limitasyon ke yo apwouve ki obligatwa oswa ke yo mande, si yo sanble yo pa sekirize oswa yo pa byen enstale, oswa si gen plis ke kat pous edmi espas louvri ki pa gen pwoteksyon nan ouvèti fenèt la.

Lokatè yo pa fèt pou wete oswa devise pwoteksyon pou fenèt yo ni dispozitif limitasyon ke yo apwouve yo, pou kèlkeswa rezon an, ikonpri pou enstale èkondisyone.



# Rele 311 pou yon Pwoblèm Kalite Lojman

Yon Gid Jeneral pou Lokatè sou Sa yo Dwe Atann



Department of  
Housing Preservation  
& Development

## 1. Gen pwoblèm nan apatman w nan?

Kit se chofaj/dollo cho, ravèt, fuit oswa lòt reparasyon ki nesesè-- kontakte pwopriyetè w la dabò pou ka ranje I. Si yo pa reyaj, kontakte 311 (rele, ale sou entènèt oswa sou aplikasyon mobil la) pou soumett yon plent.

**Konn dwa w! / Estati imigrasyon w pa gen empòtans!**

## 2. 311 pral voye

plent la bay Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman (Dept. of Housing Preservation and Development, HPD).

**Kenbe nimewo demann pou servis ou a pou w ka verifye estati plent ou a sou HPDOnline oswa role 311.**



## 3. HPD notifye pwopriyetè a

“Tanpri ranje!”

“Non!” ☺ oubyen pa gen reyakson

“Èskè yo ranje l?”

“Wi!” ☺

## 4. HPD rerele lokatè a

“Plent sou bagay ki pi grav, ki mete lavi ananje ap gen priorite.”

## 5. HPD vole yon Enspektè Kod

Delè a baze sou gravite dosye a, men li tra dwe nan limit 30 jou yo. Si enspektè a paksa aksede ak intè a, li kite yon kat pou lokatè a relè epi pran yon randevou nan 10 jou. Si se yon plent sou chofaj, lap esevey enspekte yon lòt intite.

Enspektè yo verifye si gen lòt atlik sekritè tou, tankou detektè lafimen. Si pa gen enspektè ki rice apre 30 jou, ou ka verifye estati plent la atravè HPDOnline oswa tele 311 oswa Sistèm Mesajri Enfòrmasyon Lokatè a sou 212-863-8307.

**Si angle pa lang prensipal ou, fè enspektè a konn sa epi lap ka rele yon entèpèt pou ede w!**

## 6. Si i jwenn yon Tikè vyolasyon

enspektè a ap emèt yon Tikè Vyolasyon bay pwopriyetè a epilap voye yon notifikasyon pou I ranje I. Delè a ap baze sou klas vyolasyon an.

## 7. Pwopriyetè a dwe sètifye bay

HPD ke pwoblèm nan te korije epi lokatè a pral reserwa yon notifikasyon sètifikasyon nan men HPD atravè lopòs.

## 7a. Si vyolasyon an sètifye men li pa korije, lokatè a ka konteste I

jan sa endike nan lèt la Epitou, HPD ap eseve espèkty vyolasyon ki sètifye yo ankò, yon fason aleyatwa. Si nouvo enspeksyon an détaminé ke pwoblèm nan pa korije, dosye a ap refere bay Divizyon Litij ki gen Rapò ak Lojman HPD a, ki ka antame yon aksyon jidisyè kont pwopriyetè a.

## 7b. Si odit la ak nouvo enspeksyon an reysi

epi ke pwoblèm nan korije ☺  
Si li enposib pou fè nouvo enspeksyon an epi ja gen reyakson lokatè a, vyolasyon an fènem apre 70 jou.

## 7c. Si pwopriyetè a pa sètifye

Lokate yo ka verifye sou HPDOnline pou yo wè tout vyolasyon ki ouvri yo oswa rele 311. Lokate yo dwe konsilite yon avoka epi antame yon Aksyon nan Tribinal Lojman, epi yo ka kontakte fonksyonè lokal ki eli yo pou jwenn èd si pwoblèm yo pa korije.

**Pou jwenn enfòrmasyon sou dwa w kòm lokatè, ale sou nyc.gov/tenantsrights**  
Si w sisèpèk koripsyon oswa konplò ki enplike yon enspektè kod, tanpri, rapòte sa bay Depatman Envègasyon NYC a (NYC Department of Investigation, DOI) nan 212-3-NYC-DOI  
**Mizajou: 2019**  
**rele 718-739-6400.**



DOSYE FEMEN



## II. Plent, Vyolasyon ak Aplikasyon

### A. Pwosesis Plent HPD

Lokatè yo ka rele 311 pou pote plent bay HPD, yo ka itilize sistèm TTY nan 212-504-4115, oswa yo ka itilize 311Online (nyc.gov/311) vennkatrè sou vennkat, sèt jou sou sèt. Yo ka pote plent tou poutèt chofaj oswa dlo cho atravè aplikasyon mobil 311 la. HPD ap toujou enspekte pou dis pwoblèm sekirite suivan yo:

- Pou konnen si gen detektè lafimen ki fonksyone.
- Pou konnen si gen detektè monoksid kabòn ki fonksyone.
- Pou konnen si gen pòt ilegal nan fenèt yo.
- Si gen seri pòt ki bezwen kle pou soti.
- Pou pwoteksyon pou fenèt si gen yon timoun 10 zan ou mwens ki rete nan inite lojman an.
- Pòt ki fèmen otomatik yo.
- Penti kap dekale si gen timoun ki poko gen sizan ki rete nan inite lojman an oswa si timoun nan konn pase 10-zèdtan oswa plis pa semèn la a.
- Mwazisi.
- Sourit, ravèt ak rat.
- Prezans Notifikasyon Sekirite pou Ensandi yo egzije pou afiche sou sifas ki bay sou anndan pòt devan oswa pòt prensipal yon apatman.


### B. Kijan Vyolasyon HPD yo Fonksyone

Si enspektè HPD bay tikè pou vyolasyon, tan yo bay mèt pwopriyete a pou ranje pwoblèm yo depann de gravite vyolasyon an. HPD konn bay twa klas kòd vyolasyon:

A: ki pa prezante danje

B: ki prezante danje

C: ki prezante danje imedya



**KONSEY:** Pou ka wè yon lis konplè ki gen vyolasyon ak enfòmasyon asavwa kilè yo dwe korije vyolasyon yo, ale nan **HPDONLINE** nan [www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd).

Lokatè yo ka entante yon aksyon legal kont mèt pwopriyete a nan Tribunal Lojman si mèt pwopriyete a pa korije vyolasyon an lè pou I fè sa. Pou ka gen plis enfòmasyon sou kijan pou ale nan Tribunal Lojman, tanpri, gade Seksyon IV Tribunal Lojman oswa kontakte Fòs Operasyonèl nan Tout Vil la (Citywide Task Force) sou Tribunal Lojman nan 212-962-4795.

Si vyolasyon an se yon vyolasyon klas C epi I prezante yon danje imeda – kòm pa egzanp yo pa gen chofaj ditou oswa danje penti abaz plon pou timoun – alèkile HPD ap eseye rezoud pwoblèm nan si mèt pwopriyete a pa rezoud li. Nan ka sa a, HPD pral voye yon avi bay lokatè a pa lapòs, pou fè I konnen ke pwoblèm nan tèlman grav ke li mande entèvansyon HPD e ke ajans la ap eseye kontakte lokatè a pa telefòn oswa li ka oblige fè yon lòt enspeksyon. Yo pral bay lokatè a yon nimewo telefòn pou I kontakte HPD pou I fè suivi.

**KONSEY:** Vyolasyon Klas C ke HPD ka korije, si mèt pwopriyete a pa fè I, gen ladan yo men yo pa limite ak sa yo sèlman:

- Penti Abaz Plon
- Mwazisi
- Pòt ki Fèmen Otomatik yo
- Pwoteksyon pou Fenèt yo

## C. Pwogram Aplikasyon Ranfòse

Lè pwopriyetè yo pa reyisi antretni pwopriyete yo kòmsadwa epi yo kite I tonbe an depatcha swa poutèt neglijans oswa poutèt yon seri move konpòtman, alèkile HPD ka pran mezi pwoaktif ak/oswa I ka itilize youn nan pwogram egzekisyon yo pou I amelyore kondisyon lojman yo.

Divizyon pou Prezèvasyon Katye (Division of Neighborhood Preservation, DNP) HPD a adopte yon apwòch pwoaktif pou I enspekte biling ke lokatè, fonksyonè eli yo oswa lòt sous done oswa enfòmasyon ajans pote plent pou yo poutèt move kondisyon ki gen ladan yo. DNP eseye evalye biling yo epi apre lap travay ak mèt pwopriyete yo ansamn ak lokatè yo pou yo travay pou estabilize biling nan. Nan biling ki prezante difikilte fizik grav yo, DNP ka lanse yon enspeksyon poutèt plent oswa I ka bay referans pou lòt pwogram aplikasyon ranfòse. Pou biling ki prezante difikilte ki pa ijan, DNP pral deplwaye estrateji endividiyèl e apwopriye pou I adrese kondisyon yo.

### Pwogram Aplikasyon Altènatif

Pwogram Aplikasyon Altènatif (Alternative Enforcement Program, AEP) a se yon pwogram aplikasyon ranfòse. Chak ane, HPD idantifye 250 lojman miltip ki gen difikilte, ikonpri frè yo enpoze, emisyon Òdonans Koreksyon, ak otorite pou ranplase sistèm biling nan si mèt pwopriyete a pa fè I. Si yo seleksyone yon biling pou AEP, yo pral avize mèt pwopriyete yo ak lokatè yo.

### Kondisyon Fondamantal

Pwogram Kondisyon Fondamantal la emèt yon lòd administratif bay pwopriyetè biling rezidansyèl yo pou mande yo korije kondisyon fondamantal ki lakòz oswa kap koze pwoblèm, fuit ak mwazisi. HPD seleksyone ant 50 a 100 biling ki pou patisipe nan pwogram nan chak ane dapre kantite apatman ki gen mwazisi ak fuit, e dapre kantite ak gravite tikè vyolasyon yo. Mèt pwopriyete yo gen obligasyon pou yo fè yon pwofesyonèl envestige sa ki lakòz pwoblèm fuit ak mwazisi ki afekte plizyè apatman nan yon biling, e yo gen kat mwa pou yo adrese pwoblèm ak vyolasyon sa yo.

### Pwogram Detektè Chalè

Nan kad Pwogram Detektè Chalè a, HPD seleksyone chak ane 50 biling ki gen yon istorik vyolasyon ki lye ak chalè epi li egzije pwopriyetè biling sa yo pou yo enstale detektè chalè ki konpatib ak entènèt nan chak inite lojman pou pran tanperati a regilyèman. HPD pral fè enspeksyon pandan sezon chalè a, san I pa resevwa plent, pou verifye konfòmite ak egzijans ki tabli pou enstalasyon detektè chalè ak egzijans pou yo bay chofaj.

### Inite Anti-Asèlman

Inite Anti-Asèlman an (Anti-Harassment Unit, AHU) analize done yo pou idantifye biling ak pòtfolyo kote ka gen asèlman yo; li antame pwosè pou jwenn koreksyon kondisyon asèlman lokatè yo (jan lalwa defini yo); li fè patenarya sere ak Depatman Bilding yo (Department of Buildings, DOB) ak lòt ajans pou rezoud pwoblèm nan biling kote yap itilize mank antretien kòm asèlman epi li konekte lokatè yo ak resous sèvis legal yo. AHU fè enspeksyon soti nan tèt biling yo rive nan kav la, entèvyouve lokatè yo epi pote ka asèlman yo devan Tribunal Lojman an lè pwopriyetè yo ka refize sèvis esansyèl yo oswa pa fè reparasyon yo.

## Pwogram Enspeksyon Pwoaktif Pòt ki Fèmen Otomatik yo

Apati mwa jiyè 2023, HPD pral pwoaktivman enspekte 300 biling chak ane e lap bay tikè vyolasyon lè li nesesè poutèt pòt ki fèmen otomatik yo nan zòn komen yo, nan koulwa ak nan koridò yo. Yo idantifye biling yo dapre done HPD, DOB ak FDNY.

## Pwogram Sètifikasi Anti-Asèlman (CoNH)

Pwogram Sètifikasi Anti-Asèlman an (Certificate of No Harassment, CoNH) fèt pou diminye asèlman sou lokatè yo atravè egzijans li fè pwopriyetè biling ki nan pwogram sa a pou yo aplike pou yon Sètifikasiyon nan men HPD anvan yo ka jwenn pèmi pou yon seri kalite travay nan men Depatman Bilding (Department of Buildings, DOB). Yo akòde yon sètifikasiyon sèlman apre ke HPD fè envestigasyon sou antedesan resan biling nan pou wè si gen prèv asèlman kont lokatè yo. Pwopriyetè biling ki nan pwogram sa a gen obligasyon pou yo pran yon CoNH anvan DOB apwouve sèten pèmi ki enplike demolisyon oswa ki enplike chanjman izaj oswa chanjman nan kantite moun ki nan biling nan. Nan ka kote yo konstate ke lokatè yo te sibi asèlman, pwopriyetè a pa ka jwenn yon Sètifikasi. Bilding yo ka tonbe anba pwogram sa a si yo se 1) biling ki gen okipasyon chamm semp 2) biling ki nan distri planifikasyon espesyal oswa 3) biling ki seleksyone nan kad Pwogram Pilòt la. Si w rete nan yon biling CoNH epi mèt pwopriyete a aplike pou yon CoNH, HPD pral voye yon avi ba ou pou l mande w bay opinyon w sou asèlman ak kondisyon ki gen nan biling nan.

## Pwogram 7A

Atravè Pwogram 7A a, Tribunal la nonmen administratè (konfòmeman ak Lwa Eta New York la) pou administre imèb prive ki gen kondisyon ki prezante danje pou lavi, sante ak sekirite lokatè yo. Administratè yo aji selon Ódonans Tribunal la pou kolekte lwaye yo epi itilize lajan an pou bay lokatè yo sèvis esansyèl yo epi fè reparasyon ki nesesè yo. Nan kèk biling 7A, HPD ofri yon montan limite Asistans Finansye 7A (7A Financial Assistance, 7AFA) pou repare oswa ranplase gwo sistèm yo oswa pou fè lòt reparasyon. HPD kontwole aktivite Administratè 7A yo epi li administre pwogram prè 7AFA a.

Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwogram sa yo oswa pou jwenn yon lis konplè sou pwogram aplikasyon HPD yo, tanpri ale nan [www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd).

## III. Asèlman

Li ilegal pou yon pwopriyetè fè asèlman pou fòse lokatè yo kite apatman yo oswa abandone dwa yo. Men kèk egzanp men se pa tout nou site la a:

Si w ap sibi asèlman oswa ou gen risk pou w pèdi apatman w nan, rele 311 pou kontakte Liy Asistans pou Lokatè a pou jwenn asistans legal, referans nan ajans vil la ak resous kominotè.

- Pwopriyetè a pa ofri kontra lokasyon, renouvèlman kontra lokasyon, oswa pwopriyetè a ap plede eseje peye w pou demenaje oswa pou w renonse a dwa w genyen yo (“yon racha kontra lokasyon”).
- Li ofri w yon racha kontra lokasyon pandan lap fè w menas, pandan lap entimide w oswa lap di w betiz, li kontakte w kote wap travay la san l pa gen pèmisyon w alekri pou l fè sa oubyen pandan lap ba w fo enfòmasyon ki gen rapò ak òf racha kontra lokasyon an.
- Avi degèpisman ki pa jistifye oswa vewouyaj ilegal.
- Menas ak entimidasyon (paregzanz, apèl telefonik pou l ankouraje w demenaje oswa pou w renonse a dwa w genyen yo).
- Li pa fè reparasyon oswa li pa founi sèvis publik ki nesesè yo.
- Fè ekspre pou kreye pwoblèm konstriksyon pou lokatè yo (paregzanz, fè travay andeyò lè travay yo, bloke antre yo, oswa l pa wete eksè pousyè ak debri yo).

Lokatè yo ka antame aksyon legal kont pwopriyetè a nan Tribunal Lojaman si gen asèlman. Lokatè yo ka konsilte oswa yo ka pran yon avoka anvan yo antame aksyon legal la. Kreyasyon kondisyon ki danjere (tankou konstriksyon ki danjere) oswa li pa bay sèvis (tankou pa bay chofaj/dlo cho oswa li wete ekipman sanitè nan saldeben epi l pa ranplase yo osito ke posib) e si sa rive, rele 311 pou rapòte sa. Alèkile, lokatè yo ka itilize rapò plent sa a, ansanm ak nenpòt tikè vyolasyon yo bay apresa, pou sipòte aksyon legal yo genyen nan Tribunal Lojman oswa nan HCR.

Lokatè ki nan inite lojman kote lwave a kontwole oswa kote lwave a estabilize, ka kontakte HCR nan [nyshcr.org](http://nyshcr.org) oswa 1-866-ASK-DHCR (1-866-275-3427). Lokatè ki afekte poutè travay konstriksyon kap fèt nan lojman miltip yo ka kontakte Biwo pou Defans Lokatè (Office of the Tenant Advocate, OTA) Depatman Bilding yo nan (212) 393-2949 oswa [TenantAdvocate@buildings.nyc.gov](mailto:TenantAdvocate@buildings.nyc.gov). Epitou lokatè yo ka voye yon imèl pou depoze plent dirèkteman bay Fòs Operasyonèl pou Prevansyon Asèlman kont Lokatè (Tenant Harassment Prevention Task Force) nan [THPT@hpd.nyc.gov](mailto:THPT@hpd.nyc.gov) si asèlman an pran fòm konstriksyon oswa mank sèvis debaz, mank reparasyon oswa mank sèvis publik. Inite Anti-Asèlman HPD a ka eseye kontakte lokatè yo ak/oswa fè enspeksyon poutè plent yo soumèt yo. Yo dwe rapòt tout pwoblèm sa yo bay 311 tou.

Si w santi w menase poutè kondisyon imigrasyon w, tanpri rele Liy Asistans pou Imigrasyon nan Eta NY (NY State Immigration Hotline) nan Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken (NYS Office for New Americans) nan 1-800-566-7636 epi yap konekte w ak òganizasyon ki ka ede w kòmsadwa a.

## IV. Tribunal Lojman

Lokatè ki nan biling prive yo ki gen pwoblèm antretyen nan apatman an oswa ke pwopriyetè a te entimide, lokatè sa yo ka antame aksyon legal nan Tribunal Lojman. Aksyon sa a rele Aksyon Lokatè (Tenant Action) oswa Aksyon Pati Lojman (Housing Part, HP). Lè lokatè yo ale nan Tribunal Lojman, yap jwenn asistans pou yo prepare yon Lòd pou Jistifye Kòz la (Order to Show Cause) epi pou yo ba yo yon dat pou retounen nan tribunal la pou yon odyans nan ka yo.

Lè lokatè a anrejistre yon ka HP nan tribunal, lokatè a ka ranpli yon fòmilè demann pou enspeksyon pou yo fè yon enspeksyon kondisyon yo anvan dat odyans nan Tribunal la. Yap bay lokatè yo enstriksyon pou yo konnen kijan pou yo remèt Lòd pou Jistifye Kòz la bay ni pwopriyetè a, ni HPD. Nan dat ka a gen pou l retounen nan Tribunal, lokatè a ak pwopriyetè a, yo chak yap gen opòtinite pou yo prezante pozisyon yo avèk yon avoka HPD kap prezan. Si jij la kwè gen vyolasyon ki egziste nan biling nan vre, jij la ka pase pwopriyetè a lòd pou l korije yo nan yon peryòd tan byen presi.

Alèkile si mèt kay la pa konfòme l ak lòd la, lokatè a ka retounen pou l mande sanksyon sivil oswa pou l rapòt ke pwopriyetè a dezobeyi lòd yon jij. Jij la ka pran sanksyon kont pwopriyetè ki refize repare vyolasyon yo malgre yo fin pase yo lòd pou korije yo. Lè w anrejistre yon ka HP se fason ki gen mwens risk e ki pi rapid pou adrese pwoblèm lojman ak pwoteje dwa w olye pou w kenbe lajan lwave a, ki limenm ka lakoz degèpisman w. Pou ka pi byen konprann dwa w genyen yo, se pou ale pran konsèy legal nan men avoka.

### KONSEY: SÈVIS LEGAL

Lokatè yo ka chwazi pou antame aksyon legal oswa yo ka mande HCR pou ede yo kont mèt pwopriete ki pa rezoud pwoblèm ki egziste yo oswa poutè asèlman. Lokatè yo ka jwenn èd lè yo prezante ka sa yo oswa lè yo soumèt dosye yo bay HCR atravè founisè sèvis legal swivan yo:

- The Legal Aid Society: 212-577-3300
- Legal Services NYC: 917-661-4500
- Urban Justice Center: 646-459-3017
- Konpoze 311 pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [nyc.gov/311](http://nyc.gov/311) oswa [nyc.gov/hpd](http://nyc.gov/hpd).

Repons Tribunal Lojman an (HCA) epitou gen yon nimewo telefòn asistans ki bay enfòmasyon pwosedi Tribunal yo, sou règ ak règleman ki administre mèt kay/lokatè, ekzekisyon vyolasyon kòd lojman, referans pou jwenn èd legal gratis, ak referans pou jwenn òganizasyon kominotè ki konn ede moun ki gen pwoblèm lojman. Yo louvri de 9 am a 5 pm, de lendi jiska jedi, e ou ka rele yo nan 212-962-4795.



## V. Lòt Resous pou Lokatè

### A. Apatman ki gen Lwaye Règlemente

Pou plis enfòmasyon detaye konsènan règleman lwaye, gade panflè Biwo Majistra a ki Pwoteje Lokatè (Mayor's Office to Protect Tenants) nan <https://www1.nyc.gov/content/tenantprotection/pages/tenant-protection-laws> ak panflè Avoka Jeneral la (Attorney General, AG) *Chanjman nan Lwa sou Lwaye nan Eta New York: Sa Ou Dwe Konnen (Changes in New York STate Rent Law: What You Need to Know)* nan <https://ag.ny.gov/sites/default/files/changes-in-nys-rent-law.pdf>. Si w panse mèt kay la vyole lwa ki pwoteje lokatè New York yo, kontakte biwo Avoka Jeneral la nan (800) 771-7755; moun ki gen difikilte tande ka rele gratis nan TDD/TTY: (800) 788-9898.

#### Ogmantasyon Lwaye

Pwopriyetè apatman ki gen lwaye stabilize ak lwaye yo kontwole gen obligasyon pou yo anrejistre lwaye yo chak ane sou entènèt ant 1ye avril ak 31 jiye nan sistèm otomatize HCR la. Lokatè yo ka kontakte HCR konsènan ogmantasyon lwaye poutèt apwobasyon Konsèy ki fè Rekòmandasyon sou Lwaye (Rent Guidelines Board), Amelyorasyon Apatman Endividyl (Individual Apartment Improvements, IAI) oswa Amelyorasyon Kapital Majè (Major Capital Improvements, MCI). Epitou lokatè yo ka mande konsèy legal pou ede yo konnen si ogmantasyon lwaye a legal.

Pou plis enfòmasyon sou youn nan pwoblèm sa yo, kontakte HCR nan 718-739-6400 oswa ale sou entènèt nan [portal.hcr.ny.gov/app/ask](https://portal.hcr.ny.gov/app/ask).

#### Renouvèlman Kontra Lokasyon

Anjeneral, lokatè ki nan inite lojman kote lwaye a stabilize oblige resevwa yon òf pou renouvel kontra lokasyon an nan yon fòmilè HCR apwouve pou yon peryòd ki dire youn oswa dezan, dapre sa lokatè a chwazi, epi dapre to Konsèy ki fè Rekòmandasyon sou Lwaye a fikse. Pwopriyetè a gen obligasyon pou l bay avi alekri pou renouvèlman an sou yon Fòmilè Renouvèlman Kontra Lokasyon (Renewal Lease Form, RLF) DHCR pa lapòs oswa pa livrezon an pèsòn sou yon peryòd ki pa depase 150 jou, e li pa sipoze mwenske 90 jou, anvan kontra lokasyon ki egziste a eksplike. **Lè yo fin fè òf pou renouvèlman an, lokatè a gen 60 jou pou l chawzi yon dire pou kontra lokasyon an, pou l siyen kontra lokasyon an, epi pou l voye l tounen bay pwopriyetè a. Si lokatè a pa aksepte òf kontra renouvèlman lokasyon an sou yon peryòd 60 jou, pwopriyetè a ka refize renouvel kontra lokasyon an epi l ka ale nan tribinal tou pou l fè lokatè a degèpi lè kontra lokasyon aktyèl la eksplike.** Lè yon lokatè siyen RLF la epi l voye l tounen bay pwopriyetè a, pwopriyetè a gen obligasyon pou l voye kopi ki gen tout siyati ak dat sou li bay lokatè a sou 30 jou. Yon renouvèlman dwe antre anviègè nan dat oswa apre dat yo siyen l ak voye l tounen bay lokatè a, men sa pazavan dat eksplikasyon kontra lokasyon aktyèl la. Anjeneral, kontra lokasyon an ak nempòt ogmantasyon lwaye a pa ka retwoaktif.



## B. Prevansyon kont Degèpisman

### Pwosedi Degèpisman poutèt lokatè a pa peye

Sèl fason legal pou fè yon lokatè degèpi poutèt li pa peye se atravè pwosedi degèpisman poutèt lokatè a pa peye e pwosedi sa a ap fèt nan Tribunal Lojman. Pwopriyetè biling yo gen obligasyon pou yo avize lokatè a ke lwave a anreta, konbyen balans la ye, e ke si yo pa peye, yo pral fè lokatè a degèpi. Twa jou apre yo fin bay avi a oswa ke yo fin mande lwave a aloral, pwopriyetè a ka pran aksyon legal nan Tribunal Lojman poutèt lokatè a pat peye lwave a epi pwopriyetè a ap remèt lokatè a papye asiyasyon tribunal la. **Lokatè a gen obligasyon pou l reponn petisyon an anpèsòn nan biwo Grefye Tribunal Lojman an.** Alèkile Grefye a pral bay lokatè a yon dat pou l vin nan tribunal. Jou dat pou prezante nan tribal la, lokatè a gen yon opòtinite pou l prezante agiman pou l defann tèt li devan Jij Tribunal Lojman an. Nou konseye lokatè yo pou yo konsilte yon avoka nenpòt lè yo gen yon pwosedi degèpisman nan tribal. Pwopriyetè yo gen obligayson pou yo resevwa yon jijman ki bay yo dwa posesyon ak yon "manda" ki òdone yon marechal degèpi lokatè a. Lokatè yo ka gen yon mwayer defans parapò ak yon reklamasyon pou lwave nan yon biling ke yo modifie ilegalman ak/oswa si biling sa a pa gen okenn Sètifica Okipasyon (Certificate of Occupancy) ki endike lokatè a ka okipe espas yo lwe a legalman.

### Pwosedi Degèpisman Lokatè ki Kontinye Rete nan Apatman an

Yon pwopriyetè ka kòmanse yon pwosedi somè pou reposede yon apatman poutèt yon vyolasyon nan kontra lokasyon an. Si kontra lokasyon lokatè a gen yon dispozisyon ki pèmèt yo revoke kontra a poutèt yo komèt yon "nuizans," yon pwopriyetè ka antame pwosedi degèpisman pou konduit inakzeptab. Anjeneral yo konsidere yon "nuizans" pèsitan e se yon konduit flagran ki menase sante, sekirite oswa konfò lokatè ki vwazen yo. Pou pwopriyetè a fè lokatè a degèpi, fòk pwopriyetè a bay prèv ke konpòtman lokatè a satisfè estanda sa a. Mèt pwopriyete a gen obligasyon pou li bay yon avi preliminè ki rezilye kontra lokasyon an anvan pwosedi a kòmanse. Epitou pwopriyetè a ka kòmanse pwosedi kont lokatè ki rete nan apatman an pou lòt rezon tankou sou-lokasyon ilegal, se pa rezidans prensipal li, izaj ilegal, oswa kontra lokasyon an ekspire kote lalwa egzije pou pa gen okenn renouvèlman.

### Sèvis Legal

Gen sèvis legal ki gratis pou sèten moun ki gen revni ki ba epi moun sa yo resevwa dokiman Tribunal Lojman epi yo bezwen asistans pou anpeche degèpisman an. Pou ka gen plis enfòmasyon, rele nan 212-577-3300 oswa 311.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen ap travèse yon kriz nan fwaye l, rele 311 oswa ale nan 311Online pou jwenn plis enfòmasyon ak resous ki ka ede.

## C. Sètifica Okipasyon ak Peman Lwave

Lokatè yo ka gen yon mwayer defans parapò ak yon reklamasyon pou lwave nan yon biling ke yo modifie ilegalman ak/oswa si biling sa a pa gen okenn Sètifica Okipasyon (Certificate of Occupancy) ki endike lokatè a ka okipe espas yo lwe a legalman. Chak lokatè gen yon seri sikontans byen presi epi lokatè yo fèt pou yo toujou ale pran konsèy legal pou asire dwa yo pwoteje olye pou yo jis deside ke yo pap peye lwave a.

## D. Aktivite Ilegal

Lokatè yo fèt pou avize pwopriyetè biling yo ak lapolis lè gen nenpòt aktivite ilegal kap fèt nan biling yo. Pou sekirize biling yo kont dilè dwòg ak vandal, manadjè biling nan, sipè-entandan an, oswa pwopriyetè a fèt pou repare seri oswa entèkòm ki pa mache yo. Lè gen seri ak entèkòm ki pa mache, yo ka rele 311 tou.

## E. Diskriminasyon

Selon lwa lokal, lwa eta ak lwa federal, mèt pwopriyete yo ak reprezantan yo (kit se anplwaye antiite pwopriyete a, antrepriz koutaj imobilye, antrepriz jesyon, oswa ajan, elatriye), yo pa ka refize lwe bay lokatè potansyèl sou baz ras, koulè, reliyon/kwayans, orijin nasyonal, sèks (ikonpri entimidasyon seksyèl), idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, laj, estati matrimonyal oswa estati patenarya, estati familyal, andikap, estati kòm etranje oswa estati sitwayènte, estati antanke manm sèvis militè aktif oswa veteran, estati antanke yon viktим vyolans domestik, asèlman, ak krim seksyèl, okipasyon legal, oswa sous revni legal. Metsouli, yo pa ka refize lokatè lwe lojman poutèt yo gen timoun. Lojman Ekitab nan Vil New York (Fair Housing NYC)—yon efò kolektif ant HPD ak Komisyon sou Dwa Moun (Commission on Human Rights, CCHR) nan Vil New York—bay enfòmasyon sou klasifikasyon ki pwoteje selon Lwa Dwa Moun nan Vil la, sou kilès yo ka rann responsab poutèt diskriminasyon nan lojman, kijan pou anrejistre yon plent poutèt diskrimansyon nan lojman, diferans ki genyen ant dwa pou lojman ekitab ak dwa lokatè, epi ale nan tribinal lojman. Sitwèb Lojman Ekitab nan Vil New York la, [www.nyc.gov/fairhousing](http://www.nyc.gov/fairhousing), bay enfòmasyon sou resous tou, sou dokiman nan plizyè lang ke yo ka teledechaje, ak avi ki bay enfòmasyon sou evènman lojman ekitab ki pral fèt e ki louvri pou publik la. Lokatè ki kwè yo sibi diskriminasyon nan lojman ka soumèt yon plent nan lespas yon ane apre ensidan an, lè yo rele 311 epi yap transfere yo bay CCHR.

Si wap eseye achte oswa lwe yon kay oswa yon apatman epi w kwè yo vyole dwa sivil ou, ou ka soumèt yon plent bay Biwo ki Aplike Lalwa CCHR la (Law Enforcement Bureau of CCHR). Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York la egzije ke moun gen jiska yon ane pou soumèt plent depi dènye swadizan zak diskriminasyon an. Pou ka pran yon randevou, tanpri rele 311 (oswa 212-NEW-YORK oswa 212-306-7450).

# PA GEN PLAS POU DISKRIMINASYON NAN ZAFÈ LOJMAN NAN NYC

Diskriminasyon ka sanble ak sa ki annapre yo:

*"Enstalasyon yon ranp chè epi sa ka gate aparans biling nan."*  
*"Mwen pa aksepte bon."*  
*"Mwen pa obilje fè reparasyon sa a; lokatè ki pa gen papye pa gen menm dwa ak lòt lokatè yo."*  
*"Yo te di m ke apatman an te disponib, men lè yo wè m se yon moun nwa, yo chanje lide yo."*

Lwa NYC sou Dwa Moun nan rann li ilegal pou fè diskriminasyon kont yon rezidan oswa moun kap mande lojman sou baz

Orijin Nasional, Estati Imigrasyon, Relijyon

Sèks, Idantite Seksyèl, Ekspresyon Seksyèl, Oryantasyon Seksyèl

Envalidite

Pwofesyon, Sous Revni

Prezans Timoun, Estati Matrimonyal oswa Patenarya, Laj, Ras, Koule, Gwosè, Estati kòm Viktим Vyolans Domestik, Vyolans Seksyèl ak Asèlman (apati 26/7/16)

**LOJMAN EKITAB. Se Dwa W. Se Responsabilite W. Se Lalwa.**

**NYC** Komisyon sou Dwa Moun | Deprezman ak Developman Lojman

Si w te eksperiance diskriminasyon, rele 311 epi mande pou Komisyon sou Dwa Moun nan oswa rele Liy Enfòmasyon Komisyon an nan (718) 722-3131. Ale sou [#FairHousingNYC](http://nyc.gov/fairhousingnyc)

## F. Asosyasyon Lokatè

Seksyon 230 nan Lwa Sou Byen Imobilye pwoteje lokatè ki vle òganize yon asosyasyon lokatè pou yo ka pwoteje dwa reparasyon, dwa sèvis, elatriye, ke yo genyen. Lokatè yo ka fòme, antre ak patisipe nan òganizasyon lokatè yo pou pwoteje dwa yo genyen. Mèt pwopriyete yo gen obligasyon pou yo pèmèt òganizasyon lokatè yo reyini, san yo pa gen anyen pou peye, nan nenpòt sal kominotè oswa sal sosyal nan biling nan, menm si yo abitye mande moun peye pou itilize sal la. Yo egzije pou reyinyon òganizasyon lokatè yo fèt nan lè ki rezonab, nan lapè pou okenn moun pa bloke aksè nan lokal la. Yo entèdi pou mèt kay yo entimide oswa pran revanch sou lokatè kap egzèse dwa yo.

## G. Bèt Domestik

Amwenske yo ka konsidere bèt domestik la antanke yon “animal sèvis” (service animal) ke moun ki avèg, soud oswa ki gen andikap itilize, asavwa si yap pèmèt bèt domestik, se selon bon voulwa pwopriyetè biling nan e an jeneral, yo konn mansyone l nan kontra lokasyon an. Si yon lokatè gen yon bèt domestik li kenbe nan apatman an san l pa gen pèmisyon pwopriyetè biling nan, yo ka konsidere sa tankou yon vyolasyon grav nan kontra lokasyon an e se ka yon rezon pou yo revoke lokasyon an. Anplis, gen anpil zannimo ke moun pa ka kenbe legalman antanke bèt domestik nan Vil New York. Pou ka gen plis enfòmasyon sou règleman ki jere bèt domestik, rele 311 pou kontakte DOHMH.



## H. Lwa sou Konfidansyalite Done Lokatè yo

Selon Lwa Lokal 63 lane 2021 an, mèt pwopriyete lojman miltip ki itilize sistèm aksè entelijan (san kle) yo, ki gen ladan yo men ki pa limite ak kle ki gen telekòmand entegre, teknoloji elektwonik oswa enfòmatize, kat idantifikasiyon ak frekans radyo, aplikasyon telefòn mobil, idantifyan byometrik oswa tout lòt teknoloji nimerik pou bay aksè ak yon lojman miltip klas A, ak espas komen nan lojman miltip sa a oswa ak yon inite lojman endividydèl, dwe bay lokatè yo yon règleman sou konsèvasyon done ak konfidansyalite vi prive. Sistèm aksè entelijan an dwe gen yon sekirite ak mezi pwoteksyon solid pou pwoteje sekirite ak done lokatè yo ak envite yo. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwoteksyon lokatè konsènan sistèm aksè entelijan, ale nan [www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd).

# Resous pou Moun kap Chèche Lojman Abòdab

## A. Kijan pou Aplike pou Lojman Abòdab

Vil New York kreye opòtinite lojman abòdab pou rezidan New York nan plizyè nivo revni fwaye ak kantite moun ki gen ladann. Yo ofri apatman sa yo pou lwe oswa pou achte atravè yon sistèm lotri aleyatwa.

### Pwosesis Aplikasyon an

NYC Housing Connect se pòtay ou genyen sou entènèt pou jwenn ak aplike pou lokasyon abòdab ak opòtinite pou achte kay nan toulè senk minisipalite Vil New York yo. Lokatè potansyèl ak moun kap achte kay yo ka jwenn anons pou lojman abòdab nan NYC Housing Connet epi nan publikasyon ki toupatou nan vil la e onivo lokal. Anons yo bay enstriksyon pou eksplike kijan pou aplike atravè Housing Connect oubyen sou papye, avèk tou revni a ansanm ak kantite moun ki nan fwaye a pou inite lojman abòdab la, ki limenm ka varye ant devlopman yo. Anons yo gen enfòmasyon tou sou lojman yo mete sou kote ak preferans pou seleksyon an.

### Resous Adisyonèl

- Ale nan **Paj Aprantisaj sou NYC Housing Connect** pou aksede vidéo antrènman ki pral montre w kijan pou kreye pwòp kont ou, kijan pou kreye pwofil ou, ak kijan pou kòmanse aplike pou lojman abòdab: <https://housingconnect.nyc.gov/PublicWeb/about-us/training>.
- Ale nan **paj Enfòmasyon Jeneral (About) nan NYC Housing Connect** pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosesis ak resous ki disponib pou ede w: <https://housingconnect.nyc.gov/PublicWeb/faq>.
- Li **Gid Aplikasyon Housing Connect** HPD yo ki ka ede w konprann kijan pou prepare w ak kijan pou w aplike pou lojman abòdab: [www.nyc.gov/hpd/findhousing](http://www.nyc.gov/hpd/findhousing).

### Elijiblite

Nenpòt moun ka aplike pou lojman abòdab, men si pou kalifye, fòk ou gen omwen 18 lane epi revni fwaye w oblige nan yon echèl byen presi pou chak opòtinite lojman abòdab, oswa w dwe gen yon bon ki kouvri lwave w. Aplikan yo gen obligasyon pou satisfè egzijans elijiblite adisyonèl yo, ikonpri limit sou byen, pou yo kalifye. Pou ka gen plis enfòmasyon, gade paj sitwèb HPD a ki se "Èske w Kalifye?" (Do You Qualify?) nan [nyc.gov/hpd/findhousing](http://www.nyc.gov/hpd/findhousing).

### Anbasadè Lojman

Pwogram Anbasadè Lojman HPD a se yon rezo òganizasyon komunitè ki ede moun prepare ak aplike pou lotri lojman abòdab yo. HPD mete tèt ansanm ak Anbasadè Lojman yo pou asire ke moun kap chèche lojman abòdab atravè plizyè kominate divès ki gen nan vil la, gen aksè pou jwenn nouvo enfòmasyon konsistan, dokiman, ak asistans avèk pwosesis aplikasyon lojman abòdab la.

Pou ka gen plis enfòmasyon oswa pou ka pran yon randevou ak yon Anbasadè Lojman, tanpri ale nan [www.nyc.gov/housing-ambassadors](http://www.nyc.gov/housing-ambassadors).





## B. Egzanpsyon kont Ogmantasyon Lwaye

Lokatè ki kalifye pou Pwogram Egzanpsyon kont Ogmantasyon Lwaye pou Granmoun Aje (Senior Citizen Rent Increase Exemption, SCRIE) oswa Pwogram Egzanpsyon kont Ogmantasyon Lwaye pou Moun ki gen Andikap (Disability Rent Increase Exemption, DRIE), yo kapab jele lwaye yo nan nivo yo ye aktyèlman an epi yo ka eggante pou yo pa ogmante lwaye yo alavni.

Pou toulede pwogram yo, fòk revni konbine chak moun ki rete nan apatman an a \$50,000 oswa mwens, fòk aplikan an peye plis ke yon tyè total revni mansyèl fwaye a pou lwaye, epi fòk yo lwe yon apatman ke HCR kontwole (paregzanp, apatman ki gen lwaye kontwole oswa lwaye estabilize oswa lotèl estabilize) epi fòk yo gen non yo sou kontra lokasyon an oswa sou lòd lokasyon an, oswa fòk yo te resevwa dwa siksesyon apatman an.

Si pou aplikan an elijib pou SCRIE, fòk li gen omwen 62 lane. Pou aplikan an elijib pou DRIE, fòk aplikan an gen omwen 18 lane epi fòk li resevwa Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI), Asirans Sekirite Sosyal pou Moun ki gen Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI), pansyon oswa konpansasyon pou moun ki gen andikap ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini (U.S. Department of Veterans Affairs), sèten pansyon pou moun ki gen andikap oswa benefis konpansasyon pou andikap ke Sèvis Postal Etazini (United States Postal Service) bay oswa Medicaid ki gen rapò ak andikap si aplikan an te resevwa swa SSI oswa SSDI anvansa.

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou [www.nyc.gov-rentfreeze](http://www.nyc.gov-rentfreeze). Ou ka voye yon demann tou bay [www.nyc.gov-contactscrie](http://www.nyc.gov-contactscrie) oswa [www.nyc.gov-contactdrie](http://www.nyc.gov-contactdrie), oswa rele 311. Ou ka pran yon randevou tou ak biwo Pwogram pou Friz Lwaye (Rent Freeze Program) lan nan [www.nyc.gov-dofappointments](http://www.nyc.gov-dofappointments).

## C. Enfòmasyon Kontak Itil pou Lòt Pwoblèm ki Gen Rapò ak Lojman

**311** se nimewo telefòn Vil New York pou jwenn enfòmasyon sou gouvènman ak sèvis. Gen yon operatè nan Sant Kontak Kliyan an (Customer Contact Center) ki reponn tout apèl 311 yo, 24 sou 24, sèt jou sou sèt, epi yo bay enfòmasyon nan plis ke 170 lang. Rele 311 lè w nan Vil la oswa 212-NEW YORK lè w andeyò senk minisipalite yo, oswa itilize opsyon sou entènèt la nan [nyc.gov/311](http://nyc.gov/311). Sèvis la disponib nan 212-504-4115. Epitou w ka itilize Aplikasyon NYC311 Mobile la pou sèten sèvis.

**Depatman Bilding yo nan NYC  
(NYC Department of Buildings, DOB)**  
[nyc.gov/dob](http://nyc.gov/dob)

**Konsèy Minisipal Vil New York  
(New York City Council)**  
[council.nyc.gov](http://council.nyc.gov)

**Biwo Majistra NYC ki Pwoteje Lokatè  
(NYC Mayor's Office to Protect Tenants, MOPT)**  
[nyc.gov/tenantprotection](http://nyc.gov/tenantprotection)

**Biwo Majistra NYC pou Moun ki Gen Andikap  
(NYC Mayor's Office for People with Disabilities,  
MOPD)**  
[nyc.gov/mopd](http://nyc.gov/mopd)

212-NEW YORK oswa 711  
(Sèvis yo Relè pou Moun Soud/Ki gen Difilikte pou Tande).

**Komisyón sou Dwa Moun nan NYC  
(NYC Commission on Human Rights, CCHR)**  
[nyc.gov/cchr](http://nyc.gov/cchr)

**Biwo Defansè Piblik NYC  
(NYC Office of the Public Advocate)**  
212-669-7250  
<https://pubadvocate.nyc.gov/>

**Avoka Jeneral Eta NY (NYS Attorney General)**  
1-800-771-7755

**Divizyon pou Renouvelman Kay ak Kominote NYS (NYS Division of Homes and Community Renewal, HCR)**  
1-866-275-3427  
[rentinfo@nyshcr.org](mailto:rentinfo@nyshcr.org)  
<http://www.nyshcr.org/Forms/Rent/>

## D. Sant Sèvis Kliyan HPD

### APLIKASYON KÒD

**MANHATTAN**  
94 Old Broadway, 7th Floor, New York, NY 10027  
212-863-5030

**BRONX**  
1932 Arthur Avenue, 3rd Floor, Bronx, NY 10457  
212-863-7050

**BROOKLYN**  
345 Adams Street, Brooklyn, NY 11201  
212-863-8060  
701 Euclid Avenue, Brooklyn, NY 11208  
212-863-6620

**STATEN ISLAND**  
10 Richmond Terrace, Staten Island, NY 10301  
212-863-8100

**QUEENS**  
120-55 Queens Boulevard, Kew Gardens, NY 11424  
212-863-5990

**PENTI ABAZ PLON**  
212-863-5501

### PREZÈVASYON KATYE

**Bronx ak Manhattan**  
1932 Arthur Avenue, 3rd Floor, Bronx, NY 10457  
212-863-7100

**Brooklyn, Queens ak Staten Island**  
345 Adams Street, 10th floor, Brooklyn, NY 11201  
212-863-7400

*Tanpri, kontakte biwo minisipalite lokal ou pou ka konn lè fonksyonman yo.*

### TimeTap



TimeTap se yon lojisyèl planifikasyon randevou sou entènèt ki pèmèt pwopriyetè/lokatè yo pran yon randevou pou pale ak reprezantan pou Aplikasyon Kòd li seleksyonne a sou plent ak vyolasyon nan zafè Lojman. Randevou yo fèt swa nan telefòn, swa yon fason vityèl atravè Microsoft Teams. Pou ka gen plis enfòmasyon epi pou fikse yon randevou sou TimeTap, tanpri ale nan [nyc.gov/hpd](http://nyc.gov/hpd). W ap resevwa yon imèl konfirmasyon kou yon randevou planifye.